Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса Пали-хIажи

# Гумбет



www. mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

## Гумбет районалъул газета

№ 38 (6558) 24 июль 2017 с. Итни Шаввал 1438 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

## 26 июль – Дагъистаналъул Конституция къабул гьабураб къо

**1994 соналъул 26 июлалда Конституциялъулаб Собраниялъ къабул гьабуна Дагъистан Республикаялъул цIияб Конституция. Гьеб къо лъазабуна Дагъистаналъул Конституциялъул къолъун ва гьеб тарихалде гъорлъе ана гIаммаб миллияб байрамалъул къо хIисабалда.**

ДРялъул Конституция къабул гьаби лъугьана гIемермиллатазулаб Дагъистаналъул пачалихъалъул тарихалъулъ кIвар бугеб лъугьабахъинлъун, гьелъ квербакъи гьабуна жамгIияб гIумру гIуцIиялъулъ демократияб къучI щула гьабизе, законалъ тIалъи гьабулеб пачалихъияб низамалде рачIине. ДРялъул аслияб закон лъугьана республикаялъул лъикIаб букIинеселъе ва талихIаб къисматалъе гIоло дагъистаниязул кIудияб жавабчилъиялъул роценлъун. Конституциялъ квербакъана гIемермиллатазулаб Россиялда гъорлъ, гIелаз гIелазухъе кьолаго, цебегоялдаса нахъе цIунун бугеб Дагъистаналъул цолъи ва гьудуллъи щула гьабиялъе, рекъел ва ргIи дандеккей цIунизе.

Жакъа республикаялъул Конституциялда рекъон, нилъеда церечIун руго щибаб хъизамалъул гIумруялъул даража борхизабиялде, пачалихъалда ва обществоялда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялда хъинтIулел гIемерал социалиялгун экономикияб суалал тIуразариялъул масъалаби.

ХIурматиял районцоял, ракI-ракIалъ баркула 26 июлалда кIодо гьабизе бугеб Дагъистаналъул Конституциялъул къо. Гьарула нужее щулияб сахлъи, рохел, талихI, гьабулеб ишалъулъ икъбал, рекъел, баракат ва Гумбет районги, Дагъистанги, Россияги тIегьазабиялъулъ чIахIиял бергьенлъаби.

РакIчIараб буго, Конституциялъул тIалабалги тIуразарулаго, гьелъул къучIалги демократияги цебетIезабулаго, Россиялъул киналго халкъазулгун гьудуллъи ва вацлъи щула гьабулаго, бакълъулазги лъикIал хIасилал рихьизаризе рукIиналда ва экономикаги цогидал рахьалги церетIезариялъулъ мустахIикъаб бутIа лъезе букIиналда.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев**
**ХIажимурад МухIамадов**

ЧIАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

## Ракьул, буголъиялъул налогал, росабазул генпланал...

### Налогал ракIариялъул ва ЖКХялъул суалал гьоркьор лъуна

**19 июлалда Гумбет районалъул администрациялда тIобитIана налогал ракIариялъул ва ЖКХялъул суалал гьоркьор лъураб данделъи. Гьеб рагьана ва бачана Гумбет районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ХIажимурад МухIамадовас. Данделъиялда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел, росабазул поселениязул бутIрул ва цогидалги.**

Налогал ракIариялъул бугеб хIалалъул хIакъалъулъ доклад гьабуна Гумбет районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **РурухIма Халидовас.**

Россиялъул Федералияб налоговияб хъулухъалъул районазда гьоркьосеб № 12 инспекциялъул ТОРМУялъул рахъалъ кIудияй специалист **Асият ГIумарахъаевалъ** щибаб росдал поселениялда налогал ракIариялъул бугеб хIалалъул бицана.

ЖКХялъул суалалда хурхун кIалъазе вахъана районалъул архитектор **ХIажимурад АхIмаднабиев**. Пачалихъияб хъулухъалъул порталалда хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва гьелъул хIалтIиялъул лъикIал рахъазул бицана ДРялъул МФЦялъул Гумбет районалда бугеб филиалалъул нухмалъулев **ГIумар МухIамадовас.**



Ахиралда хIасилазулаб кIалъазе «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ХIажимурад МухIамадовас абуна:

«Ахириял соназда бакътIерхьул санкциязда хурхун Россиялда захIмалъаби дандчIвалел руго. Цо-цо бакътIерхьул пачалихъаз нилъер экономика нахъе ккезабизе хIаракат бахъаниги, нилъеда ратана жанисел ресал ва цебетIолеб буго. Гьел лъугьабахъиназ асар гьабичIого толеб гьечIо Дагъисталалъе, республикаялъул щибаб районалъе. Муниципалитетал хIалтIулел руго бюджеталъул сурсатаздаса цIуна-къан мунпагIатги босун. Гьебго заманалда кIвар бугел ва тIоцебесеб иргаялда тIуразаризе кколел масъалабазе хIукуматалъ ресал ратула. Районалъул гIадамаз бизнесалъул хъвай-хъвагIай жидерго гIагараб росулъ гьабуниги, гьеб росдае, тIолабго районалъе социалиябгун экономикияб цебетIей щвеялъе квербакъула. Гьеб къагIида гIатIидго хIалтIизабизе ккола. Росабазул бутIрул хIалтIизе ккола росуцоязулгун щулияб бухьенгун, гьезул мурадал, хIажалъаби тIураялде кIварги кьун. Дун хIадурав вуго районалъул щивав чиясухъ гIенеккизе, ракIрагьараб кIалъай гьабизе, масъалабитIураялда тIад хIалтIизе. Киналго ахIула жигаралда, жавабчилъиялда хIалтIизе, район дагьабги цебетIеялъе гIоло къеркьезе».

ТIуразе кколел жавабиял масъалаби гIумруялде рахьинариялъе, росабазул бутIрузе чIванкъотIараб болжалги бихьизабуна данделъиялда.

**«Гумбет» РИО**

ВОРЕ ЦIАЛЕ, ЦIАЛЕ, ДИР ЦIОДОР

## 13 медалист

### ЦIалул церехъабазе медалал кьуна

**2017 соналъул 17 июлалда Гумбет районалъул администрациялда тIобитIана бищун лъикIал къиматазда школал лъугIизабуразе медалал кьеялда хурхун рохалилаб данделъи. «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ХIажимурад МухIамадовас къабул гьарун рукIана медалазе мустахIикълъарал выпускникал ва мугIалимал, баркана цIалул сон бергьенлъиялда нухда регIи, загьир гьабуна тIадегIанал цIалул заведениязде цIализе рорчIи ва батIи-батIиял махщелалги щун, районалде тIадруссин мурад букIин.**

(Ахир -кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Нугъаязул рекъелги Гъарабагъалъул рагъги

-2 гьум.



Жубай-бахъи, «Пери» ва Москваялдаса учитель

-2 гьум.



Меседил медалазул бачIин

-3 гьум.




«Аздагъодул хазина» ва «ГIумрудул къоял»

-3 гьум.

ХIАСИЛАЛ. ЦIЕХ-РЕХ

# Нугъаязул рекъелги Гъарабагъалъул рагъги

**Гъуниб – Терекли-мектеб – МахIачхъала – Степанакерт – ЦIор – Эшкаконалъул ГЭС ва хIор**

**Араб анкьалда, 15-16 июлалда, Гъуниб магIарда авар мацIалъул мугIалимзабазул руцIцIен тIобитIана. Нилъер халкъалъе кIвар бугеб, миллаталъул мацIги цIарги цIунулеб, ракIалдаса унареб лъугьа-бахъин букIана гьеб. Гьединго араб анкьалда Дагъистаналдаса ратIалъилилан цереккун съездал тIоритIулел рукIарал нугъаязул районалъе цIияв бетIер щвана - базарган ва сахаватчи Мухтарбий Аджеков.**

**Ярлыкапов – Насиров – Аджеков**

Гьелда цебе, 2017 соналъул 4 июлалда, Нугъай мухъалъул депутатазул Собраниялъ БаймухIамад Ярлыкапов районалъул бетIерасул ишал тIуразарулевлъун теялъул хIукму хвезабун букIана. Районалъул депутатал Дагъистаналъул тIалъиялъе мутIигIлъунгутIи букIана гьеб, Ярлыкапов кколаан МахIачхъалаялъ вихьизаврав чи. 6 июлалда полициялъул кумекалдалъун Ярлыкапов бетIерасул тахида кIусана. Нугъаязул съезд ахIаразе бокьун букIана районалъул бетIерлъун депутатазул Собраниялъул нухмалъулев Руслан Насиров тезе.



18 июлалда, киналго рахъазе данде кколев чи хIисабалда, маслихIат гьабун, Дагъистаналъул нухмалъиялъеги Нугъай мухъалъул гIадамазеги рекъолев, хIурмат бугев хIаракатчи вукIиналъ, Мухтарбий Аджеков тун вуго гьеб мухъалъул бетIерасул ишал тIуразарулевлъун. Жидеда питнаби чIалгIун ругин, ракълилаб, парахатаб гIумруялда рукIине бокьун бугин абулеб буго нугъаязул хIаракатчагIаз. Россиялдаго рагIараб ахIи-хIур гьеб мухъалда багъаризабуна, Дагъистан тун къватIирехун ва жанир ругел цо-цо власть бокьарал къуватаз.

**ХIеж-миссиялъ – 15 сон**

14 июлалда кIодо гьабуна Россиялъул ХIеж-миссиялъ 15 сон тIубай. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIипов, СагIудиязул ГIарабиялъул Ханлъиялъул вакил ГIабдуррахIман бен Ибрагьим ар-Расси, Дагъистаналъул муфти, шайих АхIмад-хIажи ГIабдулаев ва цогидалги. Россиялдаса хIажизабазе исламалъул щуабилеб рукну тIубазе хIалтIи гьабизе байбихьаразда гьорлъ вукIанин живилан бицана гьениб Рамазан ГIабдулатIиповас. Россиялъул ХIеж-миссиялъул нухмалъулев МухIамад ХIамзаевасе шапакъатги кьуна Дагъистаналъул бетIерас. «Гумбет» басмаялъул редколлегиялъ баркулеб буго машгьурав хъвадарухъан МухIамад ХIамзаевасда гьеб шапакъат, «Дагъистаналъул халкъияв шагIир» абураб цIар. Аллагьас киназулго хIеж ва цогидал лъикIал гIамалал къабул гьареги.

**Гъарабагъ цIадулъ**

Кавказалда бакI-бакIазда пирхулел ва сунел тункагIусиял, питнаби камичIо араб анкьалдаги. Гъарабагъалда цIидасанги рагъул пири пирхулеб буго. Азербайжаназ ва эрменияз цоцазде гIайибал ралел руго, МугIрузулаб Гъарабагъалъул фронталда гIорхъабазул низам хвезабунилан ва кьвагьданилан. Масала, 20 июлалда Азербайжаналъул цIуниялъул министерствоялъ ва къуваталъул идарабаз лъазабуна цебесеб сордо-къоялда жаниб эрменияз 126 нухалъ гIорхъиялъул низам биххизабунилан ва кьвагьи гьабунилан. 18-19 июлалда эрменияз 149 нухалда кьвагьи лъунилан лъазаби букIана Азербайжаналъул рахъалъул. 15 июлалда МугIрузулаб Гъарабагъалъул цIуниялъул министерствоялъ баян кьуна анкьида жаниб жиделе 500 нухалъ кьвагьданин Азербайжаналъул рахъалдасанилан.

Гьеб питна-кьалалда гьоркьоб 19 июлалда МугIрузулаб Гъарабагъалъул Миллияб Собраниялъул депутатаз улкаялъул бетIер вищана – цебесеб болжалалдаги гьеб хъулухъалда вукIарав Бако Саакян. МугIрузулаб Гъарабагъ пачалихъ хIисабалда Бакуялъ рикIкIин тIалаб гьабулеб буго гьес. Амма Азербайжан гьелда рази гьечIо. Рехсараб рагъ-кьалалъ ЦIоралъул магIарулазул, гьединго лезгиязул ва цахуразул гIолохъабиги чIаралел руго – Азербайжаналъ тIоцебесеб иргаялда фронталде ритIула гьел.

**Регионазда гьоркьоб кьеркьей**

Гъарачаязул халкъалъул конгрессалъ исана 18 июлалда Россиялъул тIалъиялде хитIаб хъвана, Эшкаконалъул ГЭС ва водохранилище Ставропольалъул краялъухъе кьогеян абун. Гьеб хIор буго Гъарачаязулгун Черкесазул Республикаялда. Дагъистаналъул ГЭСалги гьезул хIоралги Пятигорскалъ пайда босулел руго. Гьездасан щвараб хайир Дагъистаналда хутIулеб кIал гьабеян хъвараб хитIабги бихьуларо, гьеб рахъалъ бахъулеб хIаракатги гьечIо. Канлъиги кантIиги камун хутIугеги нилъ! Сахал чагIи сах таги!

ГIизудинил ХIамзат

# 13 медалист

(Авал-тIоцебесеб гьум.)

Школа лъугIарал медалистал кIодо гьариялъул дандеруссиналда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместителал **Малик Маликов**, АхIмад Сулайманов, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел, школазул директорзаби.

Гумбет районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ХIажимурад МухIамадовас бищун лъикI цIаларазда ва мугIалимазда цеве вахъун кIалъалаго абуна: «Бищун лъикIал къиматазда школа лъугIин щивав чиясул гIумруялъулъ кIвар бугеб лъугьа-бахъин ккола. Жакъа нуж руго жавабиял масъалаби тIуразариялъул нухда. Нуж гIолохъанго, къуваталда руго, букIинеселъе нужер гIемерал планал руго. Район социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIезабиялъулъ церечIарал чIахIиял масъалаби тIуразариялъе нужер лъай, бажари ва къуват хIажат буго.

Нилъее щварал бергьенлъабазулъ кIудияб бутIа буго нужер умумузул, мугIалимзабазул. Нужеца гIумрудул нухда байбихьулеб буго лъай босиялъулъ щварал чIахIиял бергьенлъабигун. Хадурккун дандчIвалел захIмалъаби къезаризе, жавабиял масъалаби тIуразаризе, тIадегIанал хIасилал росиялъе, мурадал тIураялъе гIоло кьеркьей дагьаб гуреб нужеца гьабизе бугеб. Нужехъ ралагьизе руго цевехъанасухъ, мисал босизе мустахIикъазухъ гIадин.

Гумбет районалъул букIинесеб нужер гIелалъул кверазухъ буго. Ниж чIухIарал ва рохарал руго нужедаса ва ракI чIараб буго меседил медалистасул цIар нужеца борхатго ккезе букIиналда. Божула, цо заманалдасан нужер цIар тIадегIанаб махщалил, бажари бугел гIадамазулъ рехсезе букIиналда. Гьарула нужее хадубккунги цIалулъ тIадегIанал хIасилал, талихI-рохалилаб гIумру, сахлъи, икъбал, район, республика ва Россия цебетIезабиялъе гIоло кьеркьеялъулъ бергьенлъаби. Нух битIаги нужее».



2016-2017 цIалул соналъул хIасилазда рекъон, бакълъулазул школазул 13 выпускникасе щвана меседил медалал. «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ХIажимурад МухIамадовас баркиялъулаб кIалъаялдаса хадур медалал, грамотаби ва тIахьал кьуна ТIад Инхо гьоркьохъеб школа лъугIарал МухIамад МухIамадовасе, Хадижат ХIабибовалъе, Игьали гьоркьохъеб школа лъугIарал Зайнаб Малачиевалъе, Сайгид Сулаймановасе, ПатIимат Чупалаевалъе, МелъелтIа гьоркьохъеб школа лъугIарав МухIамад Астимировасе, Гъоркь Инхо гьоркьохъеб школалъул выпускникал Мариям ХIамзатовалъе, Умукусум ГъазимухIамадовалъе, ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул выпускник ГIали ГIалиевасе, ЦIилиль гьоркьохъеб школалъул выпускникал Насибат ГIалимирзаевалъе, МадихIат Исламхановалъе, МухIамад ГIусманхIажиевасе, ЧIиркьатIа гьоркьохъеб школа лъугIарай Лугбат ХIажиевалъе.

Медалал щваразда баркун кIалъаял гьаруна районалъул бетIерасул заместитель АхIмад Сулаймановас, лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадовас,** МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев **Эльмира МухIамадовалъ**, ЦIилиль гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев **МухIамадгIали Гъазгереевас** ва цогидазги.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

# Жубай-бахъи, «Пери» ва Москваялдаса учитель

**Бакълъулазул районалда рагьана Роолаб хIисаб гIелмуялъул школа**

**18 июлалда Гумбет районалда рагьана щибаб сонилаб хIисабалъул Роолаб школа. Районалде рачIана Дагъистаналъул шагьараздаса, районаздаса лъимал. Гьезие дарсал кьезе руго гIемерсоназулаб хIалтIул хIалбихьи бугел, тIадегIанаб лъаялъул специалистаз. Гьезда гьоркьов вуго «Школа № 2101 «Филёвский образовательный центр»» физикаялъулгун хIисаб гIелмуялъе нухмалъулев Игорь Барышев.**

Роолаб хIисаб гIелмуялъул школа рагьиялда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев **ХIажимурад МухIамадов**, гьесул заместителал **АхIмад Сулайманов, Рамазан АхIмаднабиев** ва цогидалги.

Данделъи рагьана МелъелтIа пагьму-гьунар бугел лъималазул интерналъул директор **Лабазан ХIажиевас**. Роолаб хIисаб гIелмуялъул школа рагьиялда кIалъазе рахъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев **ХIажимурад МухIамадов,** районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадов**, «Пери» гурхIел-рахIмуялъул фондалъ сурсатал ричалеб, тIадеги лъайкьеялъул централъул директорасул заместитель **Габибула Габибулаев,** Ингишо гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев **ГIали ГIумархIажиев** ва гь. ц.



«Гумбет районалда бугеб Роолаб хIисаб гIелмуялъул школалъул киналго гIуцIарухъабазе, гурхIел-рахIмуялъул «Пери» фондалъе, киналго учительзабазе, баркала загьир гьабула. Пагьму-гьунар бугел лъималазул интерналда гIуцIун буго лъайкьеялъе, спорталъе ва цогидалги рекIел гьеялъе шартIал. Нижеца нуж къабул гьарила библиотекаялде, спортивиял залазде, лъедолеб бассейналде ва районалъул цогидалги учреждениязде ва объектазде» - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Лъималазе дарсал кьезе руго хIисаб гIелмуялъул учительзабазда гьоркьоб тIоритIарал республикаялъул олимпиадабазда бергьарал **Камил ХIасановас** (Дилим), **Юсуп Назировас** (Каспийск), **МухIамад ГIабдулмаликовас** (Дербент) ва цогидалги учительзабаз.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ-ХIИКМАТАЛЪУЛ ХIАЛБИХЬАРАЗЕ

# Меседил медалазул бачIин

### ЕГЭялъул хIасилал квешал ккечIо

**ХIасилал гъаруна цогоял пачалихъиял ва аслиял пачалихъиял экзаменазул. Районалда гьел кин арал? ХIасилал кинал ккарал? ва цогидалги суалалгун «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъан дандчIвана Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовгун.**

**- Муса, цогоял пачалихъиял ва аслиял пачалихъиял экзаменал кьолаго районалда гIадлу хвезабиялъул хIужа кканищ?**

- КкечIо цониги гIадлунизам хвезабиялъул хIужа. Гьеб ккунгутIиялъе нижее кIудияб кумек гьабуна Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул хIалтIухъабаз. Пачалихъияб экзаменационнияб комиссиялъул вакилзабазги экзамен кьолеб пунктальул хIалтIуе, гьелъул гIуцIарухъабазе лъикIаб къимат кьуна.

**- ЕГЭ чан чияс кьураб? Гьелъул хIасилал кинал ккарал?**

- 2016 – 2017 цIалул соналда ЕГЭ кьуна 81 выпускникас. Араб соналде дандеккун гьаб соналда лъикIал хIасилал ккана гIурус мацIалъул, литератураялъул, тарихалъул, биологиялъул, химиялъул, обществознаниялъул, информатикаялъул предметазул. Масала, араб соналде дандеккун гьоркьохъеб баллал тарихалъул предметалъул 24,5, биологиялъул 10,2, химиялъул 7, гIурус



мацIалъул 3 ялъ цIикIкIана. Амма араб соналде дандеккун физикаялъул гьоркьохъеб балл 3,1 баллалъ дагьлъана.

Литератураялъул, ингилис мацIалъул цIалуда хадургьей 100 процентаалде, тарихалъул 95,8, гIурус мацIалъул 94, хIисабалъул 84,6 процентаалде бахана.

ГIурус мацIалъул экзаменалда 100 процент цIалуда хадургьей бихьизабуна Гьарадирихъ, Аргъвани, ТIад Инхо, Игьали, Ингишо, Килалъ, МелъелтIа, Гъоркь Инхо, ЛъаратIа, ЦIилик, ЧIиркъатIа гьоркьохъел школаз.

ХIисабалъул экзаменалда цIалуда хадур гьей 100 процентаалде бахана ТIад Инхо, Ингишо, Килалъ, ЛъаратIа гьоркьохъел школазул.

Щибаб школа ккун рехсани, бищун лъикIал хIасилал ккана ТIад Инхо, ЛъаратIа, Гъоркь Инхо, Ингишо, Килалъ школазул. Гьезул киналго выпускниказе аттестатал щвана. ЦIикIкIарал баллал щвана ТIад Инхо ва ЛъаратIа школазул цIалдохъабазе.

Цогоял пачалихъиял экзаменазда 14 ясе исана аттестат щвечIо. Аттестатал щвечIезул ихтияр буго гьаб соналъул 5 ва 8 сентябралда ЕГЭялъул экзаменал цIидасан кьезе.

Гьарадирихъ 4 выпускникасдасан цоясе аттестат щвечIо. Игьали школалдаса 13 выпускникасда гьоркьоса кIигоясда экзамен кьун бажаричIо. ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалдаса 12 выпускникасда гьоркьоса 5 ясе. ЧIиркъатIа 7 ясда гьоркьоса 2 ясе, ЦIилик 5 ясда гьоркьоса цоясе, МелъелтIа 13 ясда гьоркьоса 2 ясе, Аргъвани 4 ясда гьоркьоса цоясе аттестатал щвечIо.

**- Выпускниказ жидецаго кинал предметал тIаса рищарал?**

- Жидецаго тIаса рищана обществознание – 45, тарих – 24, хIисаб (профильнияб) – 29, биология – 15 цIалдохъабас. ТIаса рищарал экзаменазул лъикIал хIасилал ккана литератураялъул, тарихалъул, ингилис мацIалъул, химиялъул, биологиялъул. Амма физикаялъул, информатикаялъул, хIисабалъул (профильнияб) предметазул хIасилаз рази гьаричIо.

Тарихалъул предметалъул 100 процент цIалуда хадургьей бихьизабуна ТIад Инхо, Игьали, Килалъ, МелъелтIа, Гъоркь Инхо, ЛъаратIа, ЧIиркъатIа, химиялъул – ТIад Инхо, Игьали, МелъелтIа, Гъоркь Инхо, ЧIиркъатIа, биологиялъул – ТIад Инхо, Игьали, ЦIилик, ЧIиркъатIа школаз.

**- Ругищ тIокIлъиялда, медалалда гьоркьохъеб школа лъугIарал выпускникал?**

- Руго. Араб соналда медаль щун букIун батани 11 выпускникасе, исана гьеб щвана 13 цIалдохъанасе. Гьел ккола ТIад Инхо гьоркьохъеб школалдаса МухIамад МухIамадов, Хадижат ХIабибова, Игьали гьоркьохъеб школалдаса Зайнаб Малачиева, Сайгид Сулайманов, ПатIимат Чупалаева, МелъелтIа гьоркьохъеб школалдаса МухIамад Астимиров, Гъоркь Инхо гьоркьохъеб школалдаса Марият ХIамзатова, Умукусум ГьазимухIамадова, ЛъаратIа гьоркьохъеб школалдаса ГIали ГIалиев, ЦIилик гьоркьохъеб школалдаса Насибат ГIалимирзаева, МадихIат Исламханова, МухIамад ГIусманхIажиев, ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалдаса Лугбат ХIажиева.

**- 9 классазул аслиял пачалихъиял экзаменазул хIасилал кинал ккарал?**

-ОГЭ кьуна 168 цIалдохъанас. Абизе бегьула гьезул хIасилалги лъикIал кканин. ГIурус мацIалъул ва хIисабалъул цIалуда хадургьей 99 процентаалде бахана. Экзамен кьун бажаричIо кIиго цIалдохъанасда (Игьали цо, ЧIиркъатIа цо).

9 класс лъугIарав 23 цIалдохъанасе щвана тIокIлъигун аттестат. Гьеб щвана МелъелтIа гьоркьохъеб школалдаса 6, Игьали гьоркьохъеб школалдаса 3, ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалдаса 4, МелъелтIа аслияб, Килалъ ва Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалдаса кIи-кIи, Аргъвани, Гъоркь Инхо, ЛъаратIа, ЦIияб Аргъвани гьоркьохъел школаздаса цо-цо цIалдохъанасе.

Дица школа лъугIун унезе гьарула рекIее бокьараб махщел тIаса бищизе, ВатIаналъе ва Республикаялъе пайдаяллъун рукIине, икъбал кидаго дандчIвазе.

**Гара-чIвари гьабуна ГIайшат Исламбиевалъ**

МАДАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## ХIалтIул къагIида ва сурсатал гьоркьор лъуна

### Маданиял хIалтIухъабазул данделъи тIобитIана тIабигIат берцинаб рохьоб

**Гумбет районалъул Сивухъ ва ЦIилик росабазда гьоркьоблъиялда бугеб, тIабигIат берцинаб рохьил рацIцIалъиялда тIобитIана бакълъулазул маданиял учреждениязул хIалтIухъабазул данделъи. 2017 аб. экологиялъул лъагIелалъул хIурматалда, ЦIилик росдал маданияб централъул нухмалъулев ГIабдулхаликъ ГIубайдовас гIуцIараб тадбир букIана гьеб.**



Маданиял хIалтIухъабазул данделъи рагьана районалъул культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев **МухIамад ГIумардибировас.** Экологиялъул соналъ гьабураб хIалтIул, маданиял учреждениязда хадурккун церечIарал масъалабазул бицана Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул методист **Рапият УхIумагIалиевалъ.**

БакIазда маданиял учреждениязгун цадахъ росабазул поселениязул администрацияз гьабулеб бугеб хIалтIуда, кIвар буссинабизе кколел суалазда маданиял учреждениязе сурсатал риччаялъул бугеб хIалалда тIадчIей гьабуна кIалъазе рахъарал МелъелтIа, ЦIилик, ЛъаратIа росабазда бегавулал **МухIамад ГIабдунасировас, ГIалихан ДавудхIажиевас, Анвар Залумхановас.**

Клубазулал учреждениязе методикиял малъа-хъвавал гьаруна МелъелтIа маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей **ГIазра РурухIмаевалъ** ва районалъул библиотекаялъул методотделалъул нухмалъулей **Эзимат МухIамадовалъ.**

«Гумбет» РИО

ХАЛКЪАЛЪУЛ УРГЪАЛИДА

## Харабазул тIалабал тIурала

### Пенсиязул фондалъул хIалтIудаса рази вуго

**ХIурматияб редакция! Дие бокьун буго лъикIал гIадамазул хIакъалъулъ цодагьалго баркалаялъул рагIаби хъвазе. Россиялъул пенсиязул фондалъул МелъелтIа бугеб отделалде дирго бугониги, росуцоязул бугониги къваригIелалъ дун гIемер щола.**

Лъиеха бокьилеб, ниж гIадал рикIкIадаса рачIаразе къваригIелги тIубачIого нахъруссине. Пенсионнияб фондалъул хIалтIухъабаздасан гьединаб хIужа ккун батиларо, киназго абулел рагIула тIаде вачIарасул хIажалъабазухъ кIваркьун ралагьулел, хехго къваригIел тIубан гьалбал нухда регIулел хIалтIухъаби ругилан. ТIаде рачIаразде хIеренго кIалъалел, гьезухъ кIвар кьун гIенеккулел бихьиналги руччабиги руго ОПФРалда хIалтIулел. Гьединал хIалтIухъаби куцарав гьеб идараялъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновасе ва киналго хIалтIухъабазе баркала загьир гьабизе бокьун буго дие. Хадурккунги гIадамал къабул гьари лъикI гIуцIизе, Аллагьас гьезие сахлъиги, халатаб гIумруги, икъбалги кьеги, лъимал-хъизабаздаса рохун хутIаги. Амин.

**МухIамад СултанмухIмадов, Данухъ росу**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ...

## «Аздагьодул хазина» ва «ГIумрудул къоял»

### ШагIир ПатIимат АхIмадибировалъул тIахьазул обзор гьабуна

**Гумбет районалъул лъималазулгун гIолилазул библиотекаялде гьал къояз данделъун рукIана МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъаби, Россиялъул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул хIалтIухъаби. Гьениб гьабуна МелъелтIаса шагIир ПатIимат АхIмадибировалъул «Аздагьодул хазина», «ГIумрудул къоял» абурал тIахьазул обзор.**

ПатIиматица жиндирго тIахьазда рорхулел ругел, лъимал лъай борхизабиялде, гIадлу бугеллъун рукIине ккеялде, захIмат бокьулеллъун гIун рачIиналде ва гIемераб цогидабги лъикIаб гIамалхасиаталде гьел куцаялде ахIулел кучIдузул ва хабаразул хIакъалъулъ гIатIидаб гара-чIвари ккана дандеруссиналда. ТIахьазда тIасан гара-чIвари гьабуна лъималазулгун гIолилазул библиотекаялъул нухмалъулей **ПатIимат ХIусейновалъ,** библиотекаялъул хIалтIухъаби **Раисат МухIамаднабиевалъ, Хадижат ГIабдунасировалъ.**

Лъималазе гIемерал асарал хъварай АхIмадибировалъул гьаб соналъ къватIибе биччараб кIиябго тIехьалда тIасан гуребги, цереккун риччарал «Милъирщодул бусен», «Сахаватаб гIужрукъ», «ДахIабабал сайгъат», «КIодоэбел ПатIиматил харбал ва маргьаби» абурал тIахьазда тIасанги школлъималазе суалал кьуна. Гьединго шагIиралъул гIумрудул нухалъул бицана, библиотекаялда батIи-батIияв тадбирал гIуцIиялъул къагIидаялъулгун гьезул лъай-хъвай гьабуна. Хасго тIадчIей гьабун бицана кинаб ахIвал-хIалалде ккаиги, АхIмадибировалъул асаразул героял гIадин, ракIбацIцIадаллъун рукIине ккеялъул.

**ПатIимат ХIамидова**

ДОКУМЕНТ

## Публичное акционерное общество «Дагестанская энергосбытовая компания» о тарифах на электроэнергию для населения

С 01.07.2017 года утверждены новые тарифы по оплате за потребленную электроэнергию населением, в соответствии с постановлением Республиканской службы по тарифам РД от 22.12.2016 года №114 «Об установлении цен (тарифов) на электрическую энергию для населения и приравненным к нему категориям потребителей по Республике Дагестан на 2017 год»

**М.Ш.Гитинов, Управляющий директор**

## Республиканская служба по тарифам Республики Дагестан

**от 22 декабря 2016 года** **Постановление** **№ 114г.** **Махачкала**

Об установлении цен (тарифов) на электрическую энергию для населения и приравненных к нему категорий потребителей по Республике Дагестан на 2017 год

В соответствии с Федеральным законом от 26. 03. 2003 № 35-ФЗ «Об электроэнергетике» (Собрание законодательства Российской Федерации, 2003, № 13, ст. 1177), постановлением Правительства Российской Федерации от 29.12.2011 № 1178 «О ценообразовании в области регулируемых цен (тарифов) в электроэнергетике» (Собрание законодательства Российской Федерации, 2012, № 4, ст. 504), постановлением Правительства Республики Дагестан от 30.05.2011г. № 165 «Вопросы Республиканской службы по тарифам Республики Дагестан»(Собрание законодательства Республики Дагестан, 2011, № 10, ст. 399) Республиканская служба по тарифам РД постановляет:

Установить с 1 января 2017 г. по 31 декабря 2017 г. цены (тарифы) на электрическую энергию для населения и приравненных к нему категорий потребителей по Республике Дагестан согласно приложению №1 к настоящему постановлению.

**У. Амирханов, руководитель Республиканской службы по тарифам Республики Дагестан**

**Приложение № 1 к постановлению Республиканской службы по тарифам Республики Дагестан**

### Цены (тарифы) на электрическую энергию для населения и приравненным к нему категорий потребителей по Республике Дагестан на 2017 год

**Население, проживающее в сельских населенных пунктах, и приравненные к нему (тарифы указываются с учетом НДС):**

исполнители коммунальных услуг (товарищества собственников жилья, жилищно-строительные, жилищные или иные специализированные потребительские кооперативы либо управляющие организации), приобретающие электрическую энергию (мощность) для предоставления коммунальных услуг собственникам и пользователям жилых помещений и содержания общего имущества многоквартирных домов; наймодатели (или уполномоченные ими лица), предоставляющие гражданам жилые помещения специализированного жилищного фонда, включая жилые помещения в общежитиях, жилые помещения маневренного фонда, жилые помещения в домах системы социального обслуживания населения, жилые помещения фонда для временного поселения вынужденных переселенцев, жилые помещения фонда для временного проживания лиц, признанных беженцами, а также жилые помещения для социальной защиты отдельных категорий граждан, приобретающие электрическую энергию (мощность) для предоставления коммунальных услуг пользователям таких жилых помещений в объемах потребления электрической энергии населением и содержания мест общего пользования в домах, в которых имеются жилые помещения специализированного жилого фонда;

юридические и физические лица, приобретающие электрическую энергию (мощность) в целях потребления на коммунально-бытовые нужды в населенных пунктах и жилых зонах при воинских частях и рассчитывающиеся по договору энергоснабжения по показаниям общего прибора учета электрической энергии. Одноставочный тариф 1,69 руб. за 1 КВ/ч. с 01.07.2017 г. по 31.12.2017г.

ВРЕМЕНА И ДОРОГИ

## Операция «Автобус-незаконный перевозчик»

**Согласно распоряжению МВД по РД №26/858 от 06.07.2017 г. как и на территории Республики Дагестан на территории Гумбетовского района с 11 июля по 24 июля 2017ода проводится оперативно-профилактическая операция «Автобус-Незаконный перевозчик».**

Данная операция направлена на выявление, и пресечение нарушений Правил дорожного движения и обеспечение безопасности перевозок пассажиров автотранспортом, принадлежащим физическим и юридическим лицам.

ОГИБДД ОМВД России по Гумбетовскому району проводит работу по проверке технических средств, осуществляющих перевозки пассажиров, на предмет их технического состояния, наличия разрешительных документов, страховок, путевых листов, прохождения медицинского обследования водителями перед выходом на линию. Также проводится работа, направленная на выявление фактов управления пассажироперевозящим транспортным средством с техническими неисправностями, переоборудованными в нарушение установленных требований, особенно установлением лишних сидений и незаконной установки газового оборудования.

В проводимой работе особое внимание уделяется на выявление нарушений правил перевозки пассажиров, в том числе перевозке детей без специальных удерживающих устройств.

Водителям необходимо знать, что нарушения правила дорожного движения, превышения скоростного режима автотранспортом, занятым в сфере перевозки пассажиров, могут приводить к резонансным дорожно-транспортным происшествиям с тяжкими последствиями, ибо в Ваших руках жизнь и здоровья граждан.

**и.о начальника ОМВД по Гумбетовскому району Зулпар Магомедов**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

### Изменения в Федеральном Законе №95-ФЗ

Вступил в силу Федеральный закон от 1 мая 2017 года № 95 - ФЗ «О внесении изменений в статьи 7 и 38 Закона Российской Федерации» «О пенсионном обеспечении лиц, проходивших военную службу, службу в органах внутренних дел, государственной противопожарной службе, в органах по контролю за оборотом наркотических средств и психотропных веществ, учреждениях и органах уголовно-исполнительной системы, федеральной службе войск национальной гвардии Российской Федерации и их семей» (далее Федеральный закон № - 95 ФЗ, закон Российской Федерации № 4468-1).

Федеральным законом № - 95 ФЗ внесены изменения в порядок пенсионного обеспечения членов семей военнослужащих и приравненных к ним по пенсионному обеспечению лиц (далее военнослужащие), потерявших вследствие причин перечисленных в пункте «А» статьи 21 закона Российской Федерации № 4468-1), двух (или более) кормильцев из числа военнослужащих.

Федеральным законом № - 95 ФЗ предусмотрено, что указанным членам семей военнослужащих пенсия по случаю потери кормильца назначается в связи со смертью (гибелью) одного кормильца из числа военнослужащих (по выбору этих членов семей). А в связи со смертью (гибелью) каждого другого кормильца из числа военнослужащих к назначенной пенсии по случаю потери кормильца начисляется надбавка в размере 200 процентов расчётного размера пенсии, указанного в части первой статьи 46 закона Российской Федерации № 4468-1.

Начисление указанной надбавки (надбавок) производится федеральным органом исполнительной власти (федеральным государственным органом), назначившим пенсию по случаю потери кормильца, независимо от последнего места службы умершего (погибшего) кормильца в связи со смертью (гибелью) которого назначается надбавка.

**Арсен Магомедов, военный комиссар Казбековского и Гумбетовского районов РД**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**По материалам Генерального планирования и правилам землепользования и застройки АСП «Село Данух», будут проведены публичные слушания 22 сентября 2017 года в помещении клуба,в с. Ново-Данух.**

**Желающие ознакомиться с материалами Генерального планирования и правил землепользования и застройки АСП «Село Данух» могут прийти в здание администрации. Обратиться к заместителю АСП «Село Данух» Абдурашидову Халилу Гаджиевичу по телефону 8988 773 69 43.**

БетІерав редактор ХІамзат ГІизудинов
телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХІадисова
Корреспондентал: ГІайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахІачхъала, Петр ТІоцевесесул кватІ, 61

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакъулъулазул нур» абурал цІаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1352
Газета къватІибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.